



Konsiy: 1) li entèdi pou gen selilè nan sal la
2) ou pa gen dwa pale nan sal la

M CHOUKE

M pa janm mande m poukisa m ret isit?
Tankou m pa mande m respire.
Poukisa m dòmi, sa k fè m pale jan m pale ya?

Alepouvini, poukisa m ret isit?
se petèt gen yon mòn yo rele Mòn La Sèl,
yon chemen yo rele Kat Chemen oubyen paske
pa
gen anpil lekòl, paske yo rele Madan Sara,
oubyen paske pa gen lopital ase, paske gen yon ri
yo rele ri Mirak, yon flè yo rele flè dizè
oubyen paske gen anpil moun ki lan fè nwa.

Tout jan w vire l, poukisa m ret isit?
Paske FMI depatya n, digonnen n, degrennen n,
pije n,
paske yon gad touye yon etidyan plas Kapwa la
Mò paske peyi a tounen yon yoyo, yon lamadèl,
yon
kè yanm san kouto.
Men m rete paske gen yon pye bwa m renmen
sou wout Grandans
yon solèy ki p ap chare solèy,
paske gen yon fanm yo rele Emlin Michèl,
yon kò tankou ki pa janm rete paske gen yon
chèf yo rele Desalin paske wè pa wè
gen yon pèp ki vle louvri lavi.

René Philoctète in Lamadel 2 p. 63, déc. 1992

Premye pati

A) Konpreyansyon

- 1.- Ki tip tèks sa a ye:
a) Teyat; b) Fab; c) Pwezi d) Woman
Jistifye repons ou bay la
- 2- Eske dapre ou genyen yon rezon valab pou otè
a ret chouke nan peyi Desalin nan?
- 3.- Ki lide prensipal ki travèse tèks la?
- 4.- Kisa ki gen nan tèks la ki genyen rapò ak kilti
pèp ayisyen an?
- 5- Eske devlopman tèks la sanble ak tèm tèks la?
Ki se: ‘‘ M Chouke’’ Bay jistifikasyon pou sa.

Dezyèm pati

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- 1- Ekri tout pwopozisyon ou jwenn nan fraz sa a’’
’’Genyen yon pèp ki vle louvri lavi’’.
- 2- Fè yon fraz konplèks kote gwoup nominal sijè
a dwe genyen 4 eleman.
- 3- Ki rim ou jwenn nan tèks anba a?
Note-Dame du Paradis
Desann lanbouchur zabriko
Kri, rèl ... O sen aprè-midi
Klôch rezonnen jus lan doko
- 4- Ekri tèks sa a selon òtograf ofisyèl kreyòl
ayisyen an.
’’ Leur yon malhere flank yon lòt yon cout
ròch, se tankou si main droite t ap goumen ak
men gòche. Fò nou songe sa bien parce que se
yon verité. Si non pa mete tête ansanm lènmi k
ap profité’’.
- 5- Tradui tèks sa a an fransè.
’’ Papa m pati depi yè maten, samble se
vendredi 1 ap retounen pou li repare machin
nan’’.
- 6- Mete anfaz sou gwoup sijè a.
’’ Anplwaye yo ap fè grèv, yo pa vle debare
wout la’’.
- 7- Ti fi a pèdi depi yon mwa. Bay 3 sans vèb la
genyen.

C- Pwodiksyon tèks: (Chwazi yon (1) tèks)

- 1-. Papa ou te parenn nan yon maryaj. Ou te yon
envite espesyal. Rakonte divès sekans ki te
genyen nan seremoni an.
- 2- Genyen twa (3) gwoup jèn k ap fè diskisyon sou
kesyon foutbòl.
Premye gwoup la di se Messie ki pi gran jwè,
dezyèm gwoup la di se Neymar ki nimewo 1,
Twazyèm gwoup la di se Christiano, pa gen
ankò. Ki agiman dapre ou menm chak gwoup yo
devlope pou kore chwa yo fè a.?

Ki sentèz ou kapab fè lè ou fin analize opinyon
twa gwoup yo?